



Pou Piblikasyon Imedya: 18/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SIPÒ POU YON PAKÈ KONPLÈ POU KONBAT OGMANTASYON TERORIS NASYONAL, RANFFÒSE LWA SOU ZAM ETA A YO AK FÈ RESTRISKSYON SOU PLAFÒM REZO SOSYAL KI PROMOTE ZAK VYOLANS EXTREMIS YO APRÈ FIZIYAD MASIF RASIS NAN BUFFALO

Siyen [Dekrè Egzekitif](#) pou etabli yon nouvo Inite kont Teworis Nasyonal nan Biwo Kont Teworis la ak konsantrasyon sou deradikalizasyon ak jesyon evalyasyon menas; Etabli inite Polis Eta a ki konsakre nan suivi ak reponn ak menas vyolans ekstremis yo sou rezo sosyal

Siyen [Dekrè Egzekitif](#) ki egzije Polis Eta a depoze yon Dekrè Pwoteksyon pou Risk Ekstrèm ak kòz pwobab nan kad Lwa sou Sinyal Alam Eta a pou entèdi moun ki potansyèlman danjre yo achte ak posede zam

Pwopoze Lejislasyon pou fèmen vid "lòt zam" lan nan revize ak elaji definisyon zamafe pou retire zam danjere nan lari yo

Li pral travay ak Lejislati a pou pase Lejislasyon pou ranfòse rapò krim ak zam ak egzije mikwo-estanj pistole semi-otomatik pou ede fòs lòd yo pi byen retrase zam yo tire pandan krim yo

Pibliye [referans](#) bay Biwo Pwokirè Jeneral la pou mennen ankèt sou platfòm rezo sosyal ke sispèk fiziyad Buffalo yo te itilize pou difize, ankouraje ak fasilite vyolans

An repons dirèk ak zak laterè sipremasis blan an nan yon makèt samdi a nan Buffalo, Gouvènè Kathy Hochul te devwale jodi a yon pake konplè pou konbat ogmantasyon kontinyèl teworis nasyonal ak ekstremis vyolan, ranfòse ak fèmen vid ki genyen nan lwa sou zam eta yo ak fè restriksyon sou platfòm rezo sosyal ki òganize ak anplifye kontni ki ankouraje ak difize zak vyolan, zak anachik epi ki mete kominote nou yo an danje.

"Zak laterè terib ak meprizab yon sipremasis blan te komèt wikenn ki sot pase a nan Buffalo te montre ke nou kòm yon peyi ap fè fas ak yon entèseksyon de kriz: entegrasyon diskou rayisans - ki gen ladan nasyonalis blan, rasis ak sipremasi blan - ak aksè fasil ak zam ak chajè ki gen fòm militè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sa a se yon siyal alam epi isit nan New York n ap pran mezi solid pou adrese dirèkteman

menas mòtèl sa a. Jodi a, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif pou konsakre resous sibstansyèl epi fokis sou konbat vag boulvèsan teworis nasyonal la nan idantifye moun radikalize ak suiv menas yo ki anplifye sou rezo sosyal yo, epi ekipe Lapolis Eta a davantaj pou kenbe zam lwen moun ki danjere yo. Mwen ap pibliye tou yon lèt referans bay Pwokirè Jeneral la pou mennen ankèt sou wòl rezo sosyal yo nan fiziyad Buffalo a, epi mwen mande pou yo pase plizyè pati lejislasyon ki pral ede fòs lòd yo retire plis zam nan lari a."

"Nou pra kontinye konfwonte epidemi sa a tèt pou tèt, eradike ekstremitis ki menase kominote nou yo, ranfòse lwa ki pi sevè sou zam nan peyi a epi fè tou sa ki nesèsè pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite", **Gouvènè Hochul te ajoute.**

"Atak laterè nan Buffalo te revele yon lòt fwa ankò pwofondè ak danje fowòm sou entènèt yo ki pwopaje ak ankouraje rayisans", **Pwokirè Jeneral Letitia James te deklare.** "Lefèt ke yon moun ka afiche plan detaye pou komèt yon zak rayisans konsa san konsekans epi answit difize li pou lemonn wè se yon bagay ki twoublan epi inimaginab. Pandan n ap kontinye kriye ak onore lavi ke yo anlve yo, n ap pran mezi serye pou mennen ankèt sou konpayi sa yo pou wòl yo nan atak sa a. Aplizyè repriz, nou te wè devastasyon nan mond reyèl la ki te fèt sou platfòm danjere e rayisab sa yo, epi n ap fè tout sa nou kapab pou fè limyè sou konpòtman danjere sa a epi pran mezi pou asire sa pa janm rive ankò."

Pami mezi sa yo, Gouvènè Hochul te pibliye de Dekrè Egzekitif. Premye [Dekrè Egzekitif](#) la fèt pou konbat ogmantasyon boulvèsan teworis nasyonal ak ekstremitis vyolan ki souvan enspire, planifye ak afiche sou platfòm rezo sosyal yo ak sou fowòm entènèt yo. Dekrè Egzekitif la mande Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) lan pou etabli yon nouvo inite, ki dedye sèlman pou prevansyon kont teworis nasyonal, nan Biwo Konte Teworis (Office of Counter Terrorism) Divizyon an. Nouvo inite sa a pral konsantre sou jesyon evalyasyon menas, debouse finansman nan lokalite yo pou kreye ak opere pwòp ekip jesyon evalyasyon menas pa yo epi itilize rezo sosyal pou entèvni nan pwosesis radikalizasyon an. Li pral edike tou manm fòs lòd yo, pwofesyonèl sante mantal yo ak ofisyèl lekòl yo sou dènye ogmantasyon ekstremitis vyolan ak radikalizasyon nasyonal ak lokal, epitou li pral kreye pi bon pratik pou idantifye ak entèvni nan pwosesis radikalizasyon an.

Dekrè Egzekitif la mande Lapolis Eta New York la tou pou yo tabli yon inite espesyal nan Sant Entelijans Eta New York (New York State Intelligence Center, NYSIC) la pou retrase ekstremitis vyolan nasyonal atravè rezo sosyal yo. Inite a pral devlope pis ankèt atravè analiz rezo sosyal yo, ak yon konsantre espesifik sou idantifye menas posib yo ak moun ki motive pa radikalizasyon ak ekstremitis vyolan. Finalman, Dekrè Egzekitif la mande chak konte pou yo fè yon revizyon konplè sou estrateji, politik ak pwosedi aktyèl li yo pou konfwonte menas teworis nasyonal yo.

Dezyèm [Dekrè Egzekitif](#) la pral egzije Polis Eta a ranpli yon Dekrè Pwoteksyon pou Risk Ekstrèm (Extreme Risk Protection Order, ERPO) dapre Lwa sou Sinyal Alam (Red

Flag Law) Eta New York la chak fwa yo gen yon rezon pwobab pou kwè ke yon moun se yon menas pou tèt li oswa pou lòt moun.

Gouvènè Hochul te pibliye tou yon [referans](#) bay Biwo Pwokirè Jeneral la dapre Lwa Egzekitif Seksyon 63(8) pou mennen ankèt ak etidye platfòm rezo sosyal yo ke sispè fiziyad Buffalo te itilize pou difize, ankouraje, ak fasilite vyolans, anbrase rayisans, ak lejitime tewori ranplasman. Konklizyon ankèt la pral sèvi pou amelyore epi devlope estrateji Eta New York pou konbat rayisans ak ekstremis vyolan.

Kòm yon pati nan pake a, Gouvènè Hochul ap pouse tou yon seri mezi lejislatif ki fèt pou ede fòs lòd yo mennen ankèt epi anpeche krim ki gen rapò ak zam yo. Gouvènè a ap pwopoze nouvo lejislasyon pou fèmen vid "lòt zam" lan nan revize ak elaji definisyon zamafe, fè plis zam sijè a divès lwa ki deja egziste sou zam afe.

Gouvènè Hochul ap travay tou ak Lejislati a pou pase de pwojè lwa pou adrese ak rasyonnalize ankèt sou krim ki gen rapò ak zam yo. Premye a ta tabli yon pwosesis pou mande pou pistolè semi-otomatik yo fabrike oswa distribiye bay vandè ki gen lisans nan New York pou yo kapab pèmèt mikwo-estanjaj. Mikwo-estanjaj se yon teknik inovan pou make minisyon ki make bal ak katouch ak yon anprent inik chak fwa yo dechaje yon zam afe. Sa pèmèt envestigatè yo konekte bal ak po katouch yo rekipere sou sèn krim yo ak yon zam espesifik ak potansyèlman lòt krim. Dezyèm pati lejislasyon an ta ranfòse pwotokòl rapò sou zam lè yo egzije tout ajans fòs lòd yo pou to rapòte rekipasyon nenpòt zam afe nan 24 èdtan apre dekouvèt yo.

Dènye mezi sa yo fè pati angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou li abòde epidemi vyolans ak zam lan. [Bidjè Eta adopte](#) a gen ladann chanjman enpòtan ak sinifikatif nan lwa sou sekirite piblik yo ansanm ak 227 milyon dola pou inisyativ solid ki pral ranfòse efò prevansyon vyolans ak zam fòs lòd yo ak òganizasyon kominotè yo.

Dènye ogmantasyon nan atak laterè nasyonal la reprezante youn nan menas ki pi ijan pou sekirite piblik atravè Etazini. Nan dènye deseni an, atak ak konplo laterè nasyonal yo te triple nan nivo nasyonal. An 2021, te gen 73 atak teworis ak konplo yo dekouvri nan Etazini, ki gen ladan 38 atak teworis ak konplo sipremasis blan epi ki pataje menm ide.

Direktris Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) Eta New York la, Elizabeth Cronin, te deklare, "Nou nan OVS ap fè tout sa nou kapab nou pou bay sipò pou viktim yo ak tout moun ki afekte nan asasina rasis epi san sans moun sou inosan ki t ap tou senpleman ap chèche lavi yo samdi a. Nou rejwenn tout Nouyòkè pou sipòte Gouvènè Hochul ak rezidan vil natal li a pandan yo nan lapèn, y ap eseye geri epi asire ke anyen konsa pa janm rive ankò. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou fòs li ak lidèchip li atravè sa a ak pou angajman fèm li pou sipòte viktim yo ak diminye vyolans ak zam ak krim rayisman atravè eta nou an."

OVS bay yon rezo sekirite enpòtan epi kapab peye pou depans ki dekoule de yon krim lè moun yo pa gen lòt fason pou peye pou yo, sa gen ladan depans finèrè ak pou

antèman, depans medikal ak pou seyans konsèy, pami lòt depans yo, epi kapab ede viktim ak fanmi ki pèdi salè yo ak pèt sipò.

OVS te rejwenn Pwokirè Distrik Konte Erie a, John J. Flynn, ak Biwo Envestigasyon Federal la ak Depatman Polis Buffalo pou etabli yon sant resous kominotè pou bay rezidan yo sipò ak sèvis imedyat ki pran an konsiderasyon twomatiz ki te afekte pa trajedi ki te fèt la nan Jefferson Avenue ak fèmte Tops Friendly Markets akòz ankèt kriminel k ap kontinye. Sant lan ouvri aswè a pou nenpòt moun ki bezwen èd nan moman difisil sa a. Sèvis yo enkli asistans ak pwovizyon, peman sèvis piblik, sèvis bankè ak konsèy sante mantal.

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, Rossana Rosado, te deklare, "Fiziyad masif terib nan Buffalo a te dechire tisi sosyal yon katye, yon vil, yon eta, ak yon nasyon. Devastasyon, pèt, ak twomatiz ki enflije sou vwazen nou yo, fanmi yo, ak pwòch nou yo pa ekstremis ki alimante pa rayisans yo pa kapab epi yo pa pral anven. Nou dwe koute vwa moun ki pi afekte yo epi sipòte yo pandan yo nan lapèn, geri, ak rekipere anba trajedi a. Pandan n ap swiv lidèchip Gouvènè Hochul, nou dwe aji tou pou konfwonte rayisans ak rasis, anpeche ekstremis vyolan aavni, epi sispann sikilasyon ilegal zam nan kominote nou yo. Nou kanpe ak Gouvènè a pou ede mete yon fen epidemi vyolans ak zam lan."

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare, "Pa twonpe tèt ou - teworis nasyonal ki kondwi pa sipremasi blan ak antisemitis se menas prensipal pou peyi nou an. Nouvo inite sa a nan Biwo Kontre Teworis la pral ranfòse resous, konsatrasyon ak bay repons ke menas sa yo ak pwazon k ap alimante yo mande."

Sipè-entandan Lapolis Eta a, Kevin P. Bruen, te deklare, "Lapolis Eta a rete konsantre sou travay ak patnè fòs lòd nou yo nan nivo lokal, eta ak federal pou konbat vyolans ak zam ak teworis nasyonal. Nou apresye sipò Gouvènè Hochul ak lejislati a paske yo elaji efò sa yo davantaj. Pa gen yon sèl ajans fòs lòd ki ka rezoud pwoblèm sa yo, sa pral mande yon efò konbine atravè kominote yo e menm fwontyè eta yo pou fè pwogrè."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Fiziyad samdi a se te yon trajedi inimaginab ki te retire lavi 10 Nouyòkè inosan. Nou dwe fè tout sa nou kapab pou ede anpeche sa a rive ankò - sa vle di retire zam atak yo nan lari nou yo ak nan men ekstremis danjere yo epi mennen ankèt sou wòl platfòm sou entènèt yo ap jwe nan pwopaje ak pwomote diskou rasis. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te pran mezi rapid ak desizif sa a epi mwen pral kontinye goumen nan nivo federal pou pase refòm zam ki fè bon sans, konbat ekstremis, epi kenbe Nouyòkè yo an sekirite."

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Doulè fanmi yo, travayè yo, vwazen yo ak tout kominote Buffalo yo santi yo se yon bagay ke okenn lòt moun oswa vil pa ta dwe soufri li. Li ijan epi li nesèsè pou nou poze aksyon. Gouvènè Kathy Hochul ap trase wout la ak mezi konplè ki kòmanse elimine vid ki genyen yo ak pi byen pwoteje Nouyòkè yo. Semèn sa a Chanm Reprezantan an pral swiv egzanp lan lè li pral pase

pwòp pwojè lwa pou Prevansyon Teworis Nasyonal li a. Ansanm, nou dwe fè tout sa ki posib pou anpeche prezans pèsistan trajedi ki pa nesèsè tankou sa a."

Senatè Eta Brad Hoylman te deklare, "Adopte lejislasyon konplè sou vyolans ak zam se literalman yon kesyon lavi oswa lanmò pou Nouyòkè yo. N ap lite kont youn nan pi gwo pwoblèm nan epòk nou an, epu byenke efò nou jodi a pa pral resisite lavi yo ki te pèdi nan atak teworis rasis nan Buffalo a, nou ka ede kwape vyolans ak zam alavni atravè pakè pwojè lwa sa yo. Pwojè lwa mikwo-estanj nou an (S.4116/A.7926) ta egzije pou fabrikan zam yo ak vandè yo aplike teknoloji mikwo-estanj, ki ajoute yon nimewo seri ke yo kapab retrase pou minisyon ki itilize yo — epi ki ta ede asire sekirite piblik ak anpeche krim. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te abòde vyolans ak zam nan fason rapid ak efikas sa a, epi mwen sipliye Albany pou li pase chak pwojè lwa anvan fen sesyon an."

Senatè Eta a Brian Kavanagh te deklare, "Aprè atak degoutan, rasis ki te voye ond chokan atravè eta nou an ak nasyon nou an, mwen fyè pou mwen rejwenn Gouvènè Kathy Hochul ak kòlèg nou yo nan gouvènman an pou pran mezirapid pou pwoteje Nouyòkè yo kont foli vyolans ak zam yo. Nou p ap janm debarase peyi nou an konplètman de atwosite sa yo jiskaske endistri zam ak alye pa yo nan Kongrè a ak nan anpil eta aji yon fason responsab epi sispann bloke lwa ki ta sispann vyolans lan. Men, etap tankou sa yo n ap franchi jodi a se yon pati enpòtan nan angajman kontinyèl nou pou fè tout sa nou kapab isit la nan New York. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip san fay li nan moman ki ekstrawòdinèman difisil sa yo, ak tout moun ki te rantre nan batay kont flewo rayisans rasis ak vyolans mòtèl la."

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare, "Fiziyad trajik nan Buffalo nan wikenn ki sot pase a se yon egzanj sa ki ka rive lè ekstremis yo gen pouvwa pou pwopaje diskou rayisans rasis yo ak egzekite plan mekanste pou retire lavi inosan. Aprè atak sa a sou kominote Nwa a, Eta New York dwe pran devan pou pwoteje moun kont tewori konplo radikal ak ekstremis sa yo epi kontinye fè presyon pou lwa sou zam ki pi sevè ki pral pwoteje kominote nou yo. Antanke patwon lejislasyon ki ta egzije pou pistolè semi-otomatik ke yo vann nan Eta New York pou yo kapab gen mikwo-estanj, mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak pou mezi solid li pou asire ke zam pa fè kous li nan men moun ki vize fè mal. Depi lejislasyon mikwo-estanj nou an vin tounen lwa, fòs lòd yo pral gen yon lòt zouti pou ede detekte moun ki komèt krim yo epi sispann flewo vyolans ak zam lan."

Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare, "Mèsi, Gouvènè Hochul, paske w te pran mezi rapid pou ogmante aplikasyon Dekrè Pwoteksyon pou Risk Ekstrèm New York la. Li enpòtan pou New York fè tout sa ki posib pou asire sekirite ak byennèt kominote nou yo. Dekrè egzekitif sa a pral mande fòmasyon ofisye polis yo sou ERPO epi mande pou yo dwe depoze ka ki satisfè kritè elijibilite ERPO yo nan Tribinal Siprèm lan, ki pral sove lavi anpil moun. ERPO ede anpeche moun fè tèt yo mal oswa lòt moun, epi mwen sipòte pou ranfòse aplikasyon li."

Avoka Distri Queens Ian, Melinda Katz, te deklare, "Ansanm, nou bezwen sispann pwopagasyon zam nan katye nou yo. Efò sa a gen ladann swiv itilizasyon yo, diminye envantè a ak idantifye zam yo itilize nan fiziyad yo. Pwopozisyon Gouvènè a kontinye dirije Eta a nan direksyon sa."

Pwokirè Distri Bronx Ian, Darcel D. Clark, te deklare, "Jèn ame a ki ta masakre 10 moun nan makèt Buffalo paske yo te Nwa te kapab achte zam atak la legalman nan eta sa a, epi li te modifye li ak yon chajè elegal ki gen gwo kapasite. Li te menase touye yon elèv nan lekòl segondè li ane pase a, ke lapolis lokal te envestige. Lalwa pwopoze a pral elaji definisyon zamafe a ak "nenpòt lòt zam" pou enkli zam atak dekapotab, epi dekrè egzekitif Gouvènè Hochul la egzije Polis Eta a ranpli yon Dekrè Pwoteksyon pou Risk Ekstrèm (ERPO) dapre Lwa sou Sinyal Alam Eta New York la chak fwa yo gen yon rezon pwobab pou kwè ke yon moun se yon menas pou tèt li oswa pou lòt moun pral ede konbat pou mete fen nan fiziyad an mas. Dekrè Egzekitif Gouvènè Hochul la ki egzije Polis Eta a etabli yon inite pou retrase ekstremis vyolan nasyonal yo atravè rezo sosyal yo se yon lòt mezi ki pral ede amelyore sekirite Nouyòkè yo."

Reveran Al Sharpton te deklare, "Li enperatif pou ke gouvènman an ak lejislatè yo pran menas teworis nasyonal ki baze sou ras yo oserye anpil epi fè tout sa yo kapab pou konfwonte li; menm jan nan istwa peyi sa a, lejislatè yo ak gouvènè yo te sezi okazyon, kit se lwa Jim Crow, lwa dwa fanm, ak Lwa dwa LGBTQIA yo. Nou dwe sezi okazyon an kounye a pou fè fas ak teworis nasyonal sipremasi blan ki baze sou ras ak lejislasyon. Nou pa ka jis senpatize nou dwe fè lejislasyon ak fè lwa."

Direktris Egzekitif New Yorkers Against Gun Violence Ian Rebecca Fischer te deklare, "Pandan vyolans ak zam ak fiziyad ki motive pa sipremasi blan yo ravaje eta nou an epi ki gen yon enpak ki pa pwopòsyonèl sou Nouyòkè Nwa ak Mawon, nou rekonesan dèske Gouvènè Hochul ap pran mezi imedyatman pou sove lavi anpil moun. Dekrè Egzekitif Gouvènè a ak pwopozisyon lejislatif yo pral anpeche fiziyad, swisid, vyolans nasyonal masif, ak lòt vyolans ak zam k ap ravaje kominote nou yo chak jou. Teknoloji mikro-estanj ak rapò sou zamafe yo pral abòde kriz trafik zam lan lè yo rann machann zam vwayou yo responsab epi ede rezoud krim yo. Nou fyè pou nou kanpe ak Gouvènè Hochul jodi a epi aplodi li paske li defann politik ki bay lavi sa yo pou pwoteje Nouyòkè yo."

Sherif Konte Suffolk Ia, Errol D. Toulon, Jr. te deklare. "Vyolans ak zam rive nan yon nivo maksimòm epi mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou pwopozisyon mezi sa yo ke mwen kwè ki pral ede fòs lòd yo jwenn moun ki komèt krim sa yo epi anpeche plis rezidan nou yo vin viktim."

Chèf Polis Albany an, Eric Hawkins, te deklare, "Vyolans ak zam san sans te gen yon enpak devastatè sou kominote yo atravè Eta New York. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li kontinye asire ajans fòs lòd yo gen zouti ak resous ki nesèsè pou ede abòde defi kontinyèl sa yo."

Prezidan Brady a, Kris Brown, te deklare, "Pandan ke lwa prevansyon vyolans ak zam New York yo pami lwa ki pi solid nan nasyon an, koresyon bon sans ka ede fè yo pi fò epi ede fès lèd yo pi fasil pou abède ak rezoud krim yo. Politik Gouvènè Hochul te anonse jodi a pral ede rafine lwa ki egziste deja yo nan New York, tankou lwa risk ekstrèm ki ta ka aplike yon fason ki pi efikas, epi aplike nouvo solisyon ki baze sou prèv tankou teknoloji mikwo-estanj. Règleman sa yo gen bon sans. Yo pral ede anpeche trajedi alavni tankou atak nan Buffalo, kenbe fanmi yo an sekirite kont vyolans ak zam nan kominote atravè eta a, epi yo pral gen yon repèkisyon pozitif sou eta atravè peyi a."

Direktris Egzekitif Jeneral Sheltering Arms lan, Elizabeth McCarthy, te deklare "Nan Sheltering Arms, kè nou ak rezidan Buffalo yo pandan y ap rekipere anba trajedi sa a. Vyolans ak zam ak rayisans afekte nou tout epi li enpòtan pou nou konfwonte pwoblèm sa yo ansanm. Ekip Rock Safe Streets nou an ap travay pou mete fen nan vyolans ak zam nan kominote Far Rockaway la epi nou akeyi opòtinite pou travay avèk patnè nou yo atravè eta a pou pote lapè nan chak kominote nan New York."

Chèf Kabinè Southern Poverty Law Center a, Lecia Brooks, te deklare, "Nou apresye anpil pou Gouvènè Hochul ki pale byen klè ak puisans kont rayisans ak pou efò li pou mete fen nan atak vyolan sa yo, ki gen motivasyon rasyal, kont kominote Nwa ak Brown yo. Menm jan ak anpil ekstremis vyolan, prezime agresè a nan Buffalo te antre nan kilti sipremasi blan radikal sou entènèt ki te posib gras ak laj pèpetasyon rayisans sou platfòm rezo sosyal yo. Efò yo anonse jodi a pral fè limyè sou kwen nwa aksyon entènèt la ap pwopilse yo ak anpeche zak terib alavni. Pandan lontan, konpayi sa yo ki te mete pwofi anvan byen piblik la dwe fini. Konpayi rezo sosyal yo menm tou bezwen fè plis bagay pou aplike pwòp règleman ak pwotokòl pa yo pou retire dezenfòmasyon, kontni rayisans ak vyolan. Nou pare pou ede ak efò kontinyèl sa a."

Direktè Politik Mach pou Lavi Nou (March for Our Lives) la, Zeenat Yahya, te deklare, "Pandan sipremasi blan ap kontinye montre tèt lèd ak mètèl li a, nou bezwen aksyon ijan nan men lidè nou yo pou refize sipremasi blan an pwotete tèt li. Nou te defann depi lontan 'Absans Notoryete' pou asasen yo pou anpeche tirè imitatè yo. Li klè kounye a ke 'Absans Notoryete' pral ede tou anpeche sipremasi blan anflame. Direktiv Gouvènè Hochul pou mennen ankèt sou wòl platfòm rezo sosyal yo pral ede fè sa epi, ansanm ak presyon li pou fèmen vid zam yo, se yon mezi pou sove lavi anpil moun. Mezi sa yo se pwoaktif, yo pa reyaktif, epi nou kontan wè gouvènè a angaje li ak yo."

Konseye Anchèf Adjwen Sant Jiridik pou Prevansyon Vyolans ak Zam Giffords la (Giffords Law Center to Prevent Gun Violence), David Pucino, te deklare, "Fiziyad masif terib nan Buffalo a, ak rayisans ki te enspire li, se yon bagay nou p ap epi nou pa pral janm aksepte. Kè nou ak sivivan yo ak moun ki pèdi pwòch yo nan zak san sans, meprizan sa a, men je nou sou lejislasyon yo nan peyi sa a ki dwe fè plis. Kominote atravè New York ap mande pou plis bagay dwe fèt pou pwoteje yo kont vyolans ak zam, epi nou remèsye Gouvènè Hochul paske li te reponn apèl sa a ak mezi enpòtan sa yo."

Direktè SAVE East Harlem, GOSO, Omar Jackson, te deklare, "Twò souvan lè yon trajedi mòtèl rive, kominote nou yo sibi pwa vyolans lan. Evènman trajik nan fen semèn pase a nan Buffalo fè nou sonje ke nou bezwen plis resous pou lite kont kriz sante piblik ki grav epi k ap grandi nan vyolans ak zam ak rayisans. SAVE ap travay chak jou pou lite kont vyolans ak zam nan bati liy kominikasyon ak jèn yo epi li enpòtan pou sosyete nou an konsakre plis resous nan swen sante mantal, kondane rasis, diminye aksè ak zam ak fè presyon kont rayisans ak vyolans ki menase kominote nou yo."

Manadjè Pwogram True 2 Life, Central Family Life Center a, Mike Perry te deklare, "Nou kanpe an solidarite ak fanmi viktim yo ki te mouri nan vyolans ak zam san sans. Nou espere evènman trajik sa a pouse ofisyèl eli yo pou yo aji kounye a epi sipòte goup Prevansyon Vyolans nan Vil New York la. Anplis de sa, nou espere travay ansanm pou kraze inegalite istwa yo ki kontribiye nan zak vyolan sa yo."

Direktè Pwogram Egzekitif Stand Up to Violence, Jacobi Medical Center a, Carjah Dawkins Hamilton, te deklare, Pwogram Stand Up to Violence (Kanpe Kont Vyolans) nan Health + Hospitals/Jacobi NYC kanpe ak pwogram SNUG afilye nou an nan Buffalo ak moun nan Buffalo yo pandan moman difisil sa a. Nou kontinye nan devouman nou pou kanpe kont vyolans k ap ravaje kominote nou an epi kondane ideyoloji rasis ke trajedi sa a te lakòz. Nou detèmine nan misyon kontinyèl nou an pou anpeche vyolans kontinye ravaje kominote eta New York nou yo.

Direktè SOS Save our Streets/RISE Project, Center for Court Innovation lan, Hailey Nolasco, te deklare, "Pandan n ap aprann ajiste ak yon nouvo nòm akòz pandemi COVID-19 la, se yon reyalyte malere ke vyolans ak zam vin pi grav akòz anpil pwoblèm kache ki afekte kominote nou yo tankou efè chomaj san parèy, defi sante mantal, ak ogmantasyon baryè ak resous yo. Katye yo atravè New York ak peyi a akable ak blesi ak twomatiz ki akonpaye vyolans ak zam. Pwoblèm sa a egzije investisman alontèm nan sekirite piblik ki santre nan kominote a ki gen plizyè aspè epi ki enkòpore prevansyon ak entèvansyon. Nou dwe abòde koz rasin defi sa yo epi asire ke jèn moun ki gen plis chans pou yo itilize oswa pou yo blese pa yon zam pou yo konekte ak pwogram mesaj kredib tankou SOS Save our Streets ak NYC Crisis Management System (Sistèm Jesyon Kriz NYC)."

Direktè Egzekitif ak Fondatè, Community Capacity Development (Devlopman Kapasite Kominotè) lan, K. Bain, te deklare, "Pandan ke pèt inital lavi nenpòt moun trajik, aspè rasis atak sa a kont Kominote Nwa a nan Buffalo espesyalman twoublan. Nou pa kapab rejte sa kòm senpleman yon zak depravasyon yon moun deregle. Nou mande lidèchip nasyon an nan tout nivo - ak nan tout enstitisyon politik, relijye, akademik, biznis ak kominotè yo - pou yo konfwonte imedyatman modèl vyolans sistèmik ki baze sou ras, ki jwenn rasin li nan istwa ki vize sitou moun Nwa, Mawon Azyatik ak moun Endijèn yo."

Direktris Egzekitif Jeneral Life Camp lan, Erica Ford, te deklare, "LIFE Camp aplodi Gouvènè Hochul pou vwa li sou krim rayisans ak investisman li nan eradike vyolans ak zam epi nou lanse apèl pou investisman eta a genyen ladan li gwoup dirije ak ekspè

kiltirèl konpetan nan premye liy gerizon & rekiperasyon twomatiz ak divès gwoup entèvansyon vyolans kominotè yo."

Prezidan Everytown for Gun Safety a, John Feinblatt, te deklare "Sibstans ki fè lidèchip se reponn ak trajedi tankou fiziyad an mas nan Buffalo ak solisyon reyèl, pa sèlman diskou, e se egzakteman sa Gouvènè Hochul ap fè lè li bay sipò li pou kore politik k ap sove lavi sa yo. Nou deja genyen anpil nan zouti nou bezwen pou anpeche vyolans ak zam — kounye a nou bezwen asire fòs lòd yo, pwofesyonèl sante mantal yo, administratè lekòl yo, ak Nouyòkè chak jou yo konnen ki lè pou yo soti nan bwat la epi pou yo itilize yo."

Pamela Hight, Everytown Survivor Fellow epi volontè nan chapit New York Manmanm yo Mande Aksyon (Moms Demand Action) ki gen pitit gason li Ya-Quin English, yo te touye li an 2013 ak pitit gason Jermaine Hight, ki te pran kout ponya epi mouri an 2016, te deklare, "Mwen rekonesan anvè Gouvènè. Hochul, ki defann sivivan vyolans ak zam yo tankou mwen. Fiziyad nan Buffalo a sekwe mwen nan nwayo mwen - viktim yo te sanble ak mwen, yo te viv tankou mwen e yo te renmen tankou mwen. Pa gen anyen ki ka fè pitit mwen yo tounen, men mwen rekonesan anpil paske Gouvènè Hochul ap pran dispozisyon pou ede dezame rayisans epi anpeche plis fanmi sibi menm doulè sa a."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)